

# Depatman Edikasyon FLORIDA



## KONSÈY EDIKASYON ETA

KATHLEEN SHANAHAN,  
*Prezidan*

ROBERTO MARTÍNEZ, *Vis-  
Prezidan*

*Manm yo*

SALLY BRADSHAW

GARY CHARTRAND

DR. AKSHAY DESAI

BARBARA S. FEINGOLD

JOHN R. PADGET

Gerard Robinson  
Manm Komisyon Edikasyon



Chè Paran oswa Responsab Legal yon Elèv Klas 3yèm Ane

Depatman Edikasyon Florida te fè tranzisyon nan nouvo prensip ki fikse egzijans pou sa elèv yo dwe aprann nan chak nivo klas ak nan plizyè matyè pou ede prepare elèv yo pi byen pandan y ap vanse nan lekòl pou yo ale nan kolèj ak nan karyè. Nouvo egzamen yo evalye pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip yo.

Ogmantasyon prensip edikasyonèl yo ak evalyasyon pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip sa yo se bagay ki bon pou fè. Chak fwa nou monte ba a nan Florida, apre nou te bese li anvan, nòt yo vin pi gwo. Nan mwa desanm nan, apre remak edikatè yo, paran yo ak kominote a te bay, Konsèy Edikasyon Eta a te fikse nivo ki pi wo pou elèv yo pase nan egzamen lekti ak matematik.

W ap jwenn relvednòt elèv ou pou Lekti ak Matematik FCAT 2.0 li te fè nan prentan 2012 la. Alòske li ka sanble bonè pou reflechi sou gradyasyon pitit ou ak pou vanse nan pwochen etap lavi a, etid yo montre klas twazyèm ane a se yon ane ki enpòtan pou evalye aprantisaj la, sitou lè li konsène lekti. Yon timoun ki pa aprann fason pou fè lekti avèk konpetans nan fen klas twazyèm ane a, timoun sa a gen plis chan pou gen pwoblèm epi pou rete dèyè nan lekòl. Si nou idantifye lektè k ap fè anpil efò yo bonè, sa ap pèmèt pwofesè yo ak lekòl yo bay resous elèv yo bezwen pou yo reyisi. Si ou gen enkyetid sou nòt pitit ou, nou ankouraje ou pou kontakte pwofesè pitit ou pou detèmine pwochen etap ki nesèsè pou reyalize objektif akademik li yo.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou relvednòt pitit ou nan Entènèt sou sitwèb Depatman an nan *Understanding FCAT 2.0 Reports Spring 2012 (Entèpretasyon Rapò FCAT 2.0 Prentan 2012)* (<http://fcats.fldoe.org/fcat2/pdf/s12uf2r.pdf>). Gen plis enfòmasyon ki disponib sou règleman Florida pou lekti klas twazyèm ane nan Entènèt sou sitwèb <http://www.justreadflorida.com/pdf/2011ReadToLearnFinal.pdf>. Genyen tou yon nouvo sitwèb pou paran yo kote ou kapab anrejistre pou resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou (<http://www.floridapathtosuccess.org>).

Mèsi pou sipò ou bay pou edikasyon pitit ou. Ak

tout kè mwen,

Handwritten signature of Gerard Robinson in cursive.

Gerard Robinson